



Massachusetts 2025-2027 Plan Enèji Efikas ak Dekabonizasyon

Rezime Egzekitif
Pwojè, 1ye Avril 2024

WE ARE MASS SAVE*:



masssave.com









Antanke Administratè pwogram Massachusetts la (PAs),¹ nou fyè pou nou prezante premye plan pwojè plan Enèji Efikas ak Dekabonizasyon 2025-2027 nou an (2025-2027 Plan) bay Konsèy Konsiltatif Efikasite Enèjetik la (Energy Efficiency Advisory Council, EEAC).² Investisman 4.99 milya dola \$ sila a reprezante yon etap siyifikatif pou mennen nou nan reyalizasyon objektif klimatik Massachusetts 2030 lan pou sektè konstriksyon an epi soutni efò nou fè pou n garanti tout rezidan ak biznis ki elijib yo nan Commonwealth la ap benefisye pwogram Mass Save® la.

Pou atenn rezilta sila yo, nou pwopoze pou nou kontinye ak òf ki kontribye ak objektif sila yo epi tou entwodui yon seri nouvo solisyon ki la pou amelyore eksperyans kliyan an epi redui obstak pou patisipasyon, an patikilye pou kominote ak gwoup kliyan ki te deja patisipe avan sa nan pwogram nan men a yon nivo ki te enferyè. Nou trè rekonesan anvè EEAC ansanm ak Gwoup Travay sou Egalite a, patnè kominotè ak pou mizannèv travay nou yo, ak patnè komèsyal nou yo pou fidbak yo ak sipò yo nan devlopman premye vèsyon plan an epi san yo mizannèv pwogram Mass Save la pa t ap ka posib. Nou enpasyon pou nou kontiye kolaborasyon nou an nan kad rafinman ak finalizasyon Plan an.


¹ PAs yo se: The Berkshire Gas Company, Cape Light Compact JPE (the Compact), NSTAR Electric Company, NSTAR Gas Company, ak Eversource Gas Company of Massachusetts, yo chak sou non Eversource Energy, Liberty Utilities Corp. (New England Natural Gas Company) sou non Liberty, Massachusetts Electric Company, Nantucket Electric Company, Boston Gas Company, yo chak sou non National Grid, ak Fitchburg Gas & Electric Light Company sou non Unitil. Yo ka dezinye administratè pwogram yo sou tèm "PAs", "Massachusetts PAs", oswa " Administratè Pwogram" nan dokiman sila a.

² Yo kapab dezinye Plan Enèji Efikas ak Dekabonizasyon 2025-2027 sou tèm "Plan 2025-2027", "Plan Twazan" an, oswa "Plan" nan dokiman sila a.

Plan 2025-2027 lan baze sou plis pase de deseni investisman nan kliyan yo nan kad efikasite enèjetik ak elektrifikasyon nan Commonwealth la. Pwogram nivo nasyonal sa yo sipòte anviwon 76 000 anlwa kalite siperyè nan domèn enèji efikas ak elektrifikasyon nan Massachusetts.³

Kisa Nou te Akonpli Depi 2013, Nou te:	Kisa Nou pral Akonpli Avèk plan 2025-2027 lan, Nou vize :
 <p>Klimatize anviwon 350 000 fwaye ki gen ladanl tou 70 000 fwaye a revni fèb.</p>	<p>Klimatize anviwon 174 000 fwaye, ki gen ladanl tou 48 000 fwaye a revni fèb ak revni mwayen.</p>
 <p>Sipòte enstalasyon ponp tèmik nan plis pase 75 000 fwaye ak biznis (depi 2019), ki gen ladan l tou 3 600 fwaye a revni fèb.</p>	<p>Sipòte enstalasyon ponp tèmik nan plis pase 115 000 fwaye, ki gen ladan l tou 16 000 fwaye a revni fèb ak revni mwayen</p>
 <p>Redui emisyon gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo (greenhouse gas,GHG) a ekivalan 3,7 milyon tòn metrik dyoksid kabòn (CO₂e), se tankou w retire 800 000 machin nan sikilasyon an pandan yon lane.</p>	<p>Redui emisyon GHG a 1 milyon tòn metrik CO₂e.</p>
 <p>Te bay plis pase 153 milyon megawat pa è (megawatt-hours, MWh) ak 4.7 milya tèmi ekonomi enèji, epi tou 31\$ milya dola benefis antou pou kliyan yo.</p>	<p>Bay plis 9,8 milyon MWh ak 1.1 milya tèmi ekonomi enèji, ak 13,8 \$ milya dola benefis pou kliyan yo.</p>
 <p>Te investi 1.1\$ milya dola nan amelyorasyon ki redui fakti enèji yo epi amelyore sante, sekirite, ak konfò pou fwaye a revni fèb yo.</p>	<p>Envesti plis pase 1\$ milya dola nan mezi ensitasyon pou kliyan ak lokatè a revni fèb ak revni mwayen.</p>
 <p>Bay 6.7\$ milya dola ensitasyon pou kliyan yo.</p>	<p>Bay 3.5\$ milya dola ensitasyon pou kliyan yo.</p>

³ Massachusetts Clean Energy Center, "rapò endistriyèl Massachusetts Clean Energy Center 2023" a 17



Redui gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo

Reyalize 9.8 milyon megawat pa è (MWh) ak 1.1 Milya tèmi nan ekonomi enèji , ki genyen ladan l klimatizasyon plis pase 175 000 fwaye ak ti biznis

Favorize elektrifikasyon nouvo batiman ak sa ki la deja yo, nan sipòte enstalasyon ponp tèmik nan 115 00 fwaye

Sipòte rediksyon gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo pou kliyan C&I yo atravè nouvo mezi ki la espesyalman pou redui emisyon epi planifye dekarbonizasyon an.

Entwodui yon apwòch kowòdone pou finansman ansanm ak fè elektrifikasyon an

Redui pri elektrifikasyon an pou kliyan yo lè nou chèche finansman deyò.



Ranfòse aksè a pwogram pou tout moun

Ogmante patisipasyon kliyan a revni mwayen yo lè nou redui kritè kalifikasyon yo, rann pwopozisyon an disponib pou lokatè a revni mwayen yo, elimine pri dirèk pou klimatizasyon ak elektrifikasyon, ak amelyorasyon eksperyans kliyan an

Ogmante travay klimatizasyon ak elektrifikasyon lojman lokatif yo ak fwaye a revni fèb a revni mwayen nan kominote kote egalite tabli

Kontinye fasilite aksè a klimatizasyon ak elektrifikasyon pou kliyan a revni fèb yo

Sipòte amelyorasyon nan kesyon enèji efikas elektrifikasyon nan lekòl ki nan kominote ki ekitab yo

Ogmante patisipasyon lokatè nan tout eta a nan amelyore klimatizasyon an epi nan elimine obstak yo.

Amelyore aksè ak lang pou kliyan LOTE yo (Languages Other Than English (Lòt Lang ki Pa Anglè))

Ede diminye obligasyon enèji pou kliyan a revni fèb ak revni mwayen atravè adopsyon enèji pwòp



Amelyorasyon eksperyans kliyan an

Bay èd olistik ak miltileng bay tout kliyan atravè kreyasyon yon sant kontak ki etann li sou tout eta a

Garanti yon tretman rapid pou ranbousman yo epi amelyore eksperyans ranbousman yo

Bay yon opsyon livrezon senplifye, byen jere pou entalasyon ponp tèmik yo, kòmanse avèk pwopriyete ak lokatè revni fèb ak revni mwayen yo

Estandadize pakou pèsonalize pou kliyan C&I yo

Investi nan devlopman dijital ak amelyorasyon rapò



Elaji epi divèsifye efektivite la

Kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center (Sant Enèji Pwòp Massachusetts) pou ogamante divèsite efektivite la, double finansman anyèl la soti nan 12\$ milyon dola rive nan 24\$ milyon dola pa ane.

Devlope epi ranfòse yon efektivite ki djanm pou enstalasyon ponp tèmik yo atravè Rezo Enstalatè Ponp Tèmik lan

Garanti yon livrezon enstalasyon kalite siperyè atravè jesyon ak fòmasyon

Devlope posibilite pou fòmasyon C&I yo

Amelyorasyon enpòtan nan plan 2025-2027:

Dekabonizasyon

- Devlope evalyasyon enèji domestik yo pou bay kliyan ki enterese yo rekòmandasyon ak opòtinite pou kontinye ak dekarbonizasyon an lakay yo a.
- Yon eksperyans kliyan ki senp pou favorize yon pi bon adopsyon elektrifikasyon atravè yon opsyon livrezon ki fèt pou enstalasyon ponp tèmik nan kòmanse an premye avèk kliyan ki gen revni mwayen yo.
- Ankouraje gwo ak mwayèn kliyan komèsyal yo fè bon ekonomi nan GHG atravè nouvo mezi yo, tankou diminyon fuit refrijeran yo ak renovasyon yo, fuit gaz dèyè kontè yo, kaptaj emisyon kabòn sou sit yo, epi redui kabòn ki nan materyo konstriksyon yo.
- Kreyasyon yon apwòch kowòdone, ki etann li sou tout eta a pou konekte livrezon ak finansman elektrifikasyon.

Ekite

- Elaji kritè elijibilite pou kliyan ki gen revni mwayen yo pandan n ap konsidere ni revni mwayen eta a ni revni mwayen rejyon an epi pandan n ap pèmèt lokatè ki kalifye yo gen aksè ak sèvis pou moun ki gen revni mwayen yo.
- Yon sipò ranfòse pou pwopriyete ak lokatè ki gen revni mwayen ki gen difikilte pou gen aksè ak sèvis eklimatizasyon ak sèvis elektrifikasyon, ki ap gen ladan yon modèl jesyon livrezon yo pou kapab diminye oswa elimine frè ki sou kont kliyan yo ak kantite tan yo dwe konsakre pou sèvis sa yo.
- Yon investisman anplis nan kominote yo chwazi kòm kominote ekitab yo gras ak yon pwogram klimatisasyon gratis pou tout kliyan yo ak yon finansman ranfòse pou klimatisasyon ak elektrifikasyon pou lojman yo lwe yo. Ak sipò Depatman Resous Enèji (Department of Energy Resources, DOER), PAs yo ap benefisye tou finansman federal pou rediksyon lwa sou enflasyon an pou sipòte elektrifikasyon kliyan ki gen revni mwayen nan kominote sa yo.
- Ogmante finansman patnè Community First yo.
- Akselere travay klimatisasyon ak elektrifikasyon pou kliyan ki gen yon revni ki ba yo pandan n ap elaji lis founisè ki kalifye yo epi pandan n ap bay yon verifikasyon dirèk sou revni yo.
- Sipò espesifik pou amelyorasyon sèvis klimatisasyon ak elektrifikasyon nan lekòl ki nan kominote ekitab yo.
- Amelyore sipò pou kliyan LOTE yo pandan n ap fè efò pou n bay yon aksè lengwistik ki konplè pandan tout pakou kliyan an.
- Ofri pwogram endividyèl PA elektrik pou ede kliyan ki gen revni ki ba yo ak kliyan ki gen revni mwayen yo dekarbonize kay yo ak antrepriz yo pandan y ap diminye kantite yo ta sipoze peye pou yo a.
- Kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center (Sant Enèji Pwòp Massachusetts) pou ogmante divèsite efektivite la, double finansman anyèl la soti nan 12\$ milyon dola rive nan 24\$ milyon dola pa ane.

Eksperyans Kliyan

- Bay yon asistans militeng epi ki global ak tout kliyan rezidansyèl yo ak ti antrepriz yo gras ak lansman yon sant kontak nan nivo eta a epi ak yon elajisman pèmanan sant sèvis kliyantèl la nan nivo eta a pou kliyan ki genyen yon revni ki fèb yo.
- Amelyore transparans nan done yo epi re-òganize rapò yo.

Redui gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo

Lwa sou Solisyon pou Rechofman Klimatik la, jan li te amande a, fikse yon objektif nan nivo eta a pou rive jwenn zewo emisyon gaz GHG yo an 2050 epi diminye emisyon gaz GHG yo a omwen 50% pa rapò ak nivo 1990 la an 2030.⁴ Pou kontribiye nan reyalyasyon objektif sa yo, plan 2030 pou enèji pwòp ak klima a vize diminye emisyon gaz GHG k ap soti nan ekipman chofaj ak refwadisman rezidansyèl ak komèsyal yo pandan l ap amelyore klimatizasyon yo epi elektrifye batiman yo.

Plan 2030 pou Enèji Pwòp ak Klima a idantifye pwogram Mass Save yo kòm yon eleman enpòtan pou reyalye tranzisyon sa a. Daprè efò ki fèt nan nivo eta a ak egzijans lalwa sou solisyon pou rechofman klimatik la, sekretè enèji ak zafè anviwonmantal la (Sekretè EEA) te fikse yon objektif rediksyon gaz GHG pou plan 2025-2027 la ki se 1.0 milyon tòn metrik CO₂e.⁵

Nou gen objektif pou nou rive diminye nivo gaz GHG yo gras ak senk estrateji enpòtan sa yo:

Reyalize 9.8 milyon megawat pa è (MWh) ak 1.1 Milya tèmi nan ekonomi enèji , ki genyen ladan l klimatizasyon plis pase 175 000 fwaye ak ti biznis

Efikasite enèjetik ak klimatizasyon enpòtan anpil pou diminye konsomasyon enèji ak degajman gaz yo, kenbe nivo konfò a epi diminye fakti enèji pou kliyan yo. Efikasite enèjetik se baz tou pou jere depans sistèm elektrifikasyon an pandan w ap diminye volim investisman nan enfrastrikti ki nesèsè pou fè tranzisyon nan chofaj ak refwadisman elektrik yo. Daprè otorite validasyon nou an, n ap kontinye chache rediksyon enèji ki disponib epi efikas, pandan n ap konsantre nou prensipalman sou sèvis klimatizasyon ak anndan batiman yo pou plis pase 175,000 fwaye ak ti antrepriz.

Pou favorize mezi klimatizasyon an nan ti antrepriz yo, n ap rele plis founisè sèvis klimatizasyon nan kad opsyon kliyan an ap dirije a epi n ap fè efò pou nou amelyore konpetans founisè yo pou yo kapab idantifye epi reyalye pwojè bon kalite klimatizasyon. Anplis n ap soutni plis pwojè klimatizasyon pou ti antrepriz, pou kliyan k ap lwe enstalasyon yo ak pou kèk òganizasyon san bi likratif, pandan n ap ogmante mezi ensitasyon yo. N ap ede tou reyalye rediksyon enèji pou mwayen ak gwo antrepriz komèsyal ak endistriyèl yo (C&I) pandan n ap bay yon sipò nan komisyonman batiman yo. Efò sa a ap pèmèt nou reyalye rediksyon pandan yon peryòd ki kout pandan n ap ogmante pèfòmans kontwòl yo ak ekipman ki la deja yo, pandan n ap idantifye tou posiblite pou nou mete sou pye nouvo mezi investisman tankou modènizasyon kontwòl yo ak amelyorasyon estrikti batiman yo.



⁴ Konsilte lwa 2008, c. 298 (Global Warming Solutions Act) jan li amande ak lwa 2012, c. 209; Lwa 2018, c. 227 § 20; Lwa 2021, c. 8; Lwa2022, c. 179.

⁵ Nan kad detèminasyon objektif rediksyon gaz GHG yo, sekretè AEE a te mande administratè pwogram nan tou pou li reyalye yon modèl k ap pèmèt yo redui emisyon gaz GHG yo a 2,2 milyon tòn metrik an 2030 yon fason pou kapab kontribiye nan efò k ap fèt yo pou jwenn plis resous pou mete sou pye pwogram efikasite enèjetik ak dekarbonizasyon nan Commonwealth. Yo bay plis detay sou kalandriye ak etap analiz sa a pi ba la. Konsilte lèt sekretè EEA a pou administratè pwogram yo ki etabli yon egzijans rediksyon degajman gaz GHG pou plan efikasite enèjetik Mass Save 2025-2027, 1ye mas 2024.

Redui gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo



Favorize elektrifikasyon nouvo batiman ak sa ki la deja yo, nan sipòte enstalasyon ponp tèmik nan 115 00 fwaye

Lwa sou klima 2022 a te ranfòse efò nou pou nou dekarbonize pandan n ap egzije pou yo diminye tanzantan sipò ak mezi ensitatif pou favorize konbistib fosil yo nan kad pwogram Mass Save yo, sof nan sitiyasyon ki limite anpil.⁶ Plan 2025-2027 la depase egzijans sa yo pandan li fè elektrifikasyon vin premye solisyon pou tout kliyan rezidansyèl yo, depi sa posib, epi yon etap esansyèl pou atenn nivo rediksyon gaz GHG yo prevwa yo. N ap devlope evalyasyon enèjetik adomisil yo tou pou nou bay kliyan ki enterese yo rekòmasyon ak posiblite dekarbonizasyon pou lojman yo. Anplis soutni elektrifikasyon chofaj espas yo ak dlo cho yo, ak aparèy elektwonenaje yo (tankou fou endiksyon, machin pou lave ak machin pou seche rad), evalyasyon yo ap ede tou pou enfòme kliyan yo sou amelyorasyon elektrik ki nesès pou sipòte elektrifikasyon an, ak posiblite pou rechaje machin elektrik ki itilize enèji renouvlab yo sou plas.

Pandan manda nou te genyen anvan sa a, nou te depoze baz transfòmasyon mache chofaj la ak refwadisman an pandan nou t ap soutni devlopman yon ekosistèm kontraktan, fabrikasyon ak distribitè espesyalize nan enstalasyon ponp chalè ak klimatizasyon ki nesès pou sipòte travay sa a nan Commonwealth la. Pou peryòd 2025-2027, n ap kontinye konstwi epi ranfòse ekosistèm sa a ak objektif pou nou enstale ponp chalè nan 115,000 lojman, sa gen ladan l 16,000 fwaye ki gen revni ki ba oswa mwayen. Nan objektif pou amelyore eksperyans kliyan yo epi diminye obstak pou reyalyasyon yo, nou pwopoze devlopman yon solisyon y ap jere (oswa "prè pou itilizasyon") pou kliyan rezidansyèl yo ki vle enstale ponp chalè san yo pa bezwen idantifye epi chwazi yon kontraktan poukont yo. Nan kad apwòch sa a, kliyan yo ap gen posiblite pou travay ak yon founisè inik pwogram yo ap ba li pou reyalye klimatizasyon an, diminye obstak yo epi reyalye elektrifikasyon lojman yo. Founisè a ap jere chak etap pwosesis la epi jere divès soutretan yo. Nan yon premye tan, nou prevwa kòmanse ak kliyan ki gen revni mwayen yo, aprè n ap elaji sèvis sa a pou kliyan yo nan pri mache a nan fen peryòd twa lane a. Nou panse kreyasyon sèvis ki prè pou itilizasyon ap ede kliyan yo jere depans ki lye ak dekarbonizasyon yo.

Anplis n ap bay posiblite ak kliyan rezidansyèl ki chwazi pwòp founisè enstalasyon yo pou yo apwouve davans pwòje ponp chalè yo a anvan enstalasyon an. Apwobasyon davans lan pèmèt nou asire nou kliyan yo konprann kondisyon elijibilite yo depi nan kòmansman epi enstale ponp chalè ki elijib nan mezi ensitatif yo. Après sa a, n ap pwopoze evalyasyon vityèl pou dekarbonizasyon an yon fason pou ede kliyan yo pran desizyon ki eklere lè yo ap fè plan pou enstale yon ponp chalè, pandan n ap ede yo konpare pri enstalasyon yo. Pou fini, nou ap redefini pwogram rezidansyèl pou kay ki nèt ak pou reparasyon yo yon fason pou fè konstriksyon ki elektrik vin premye opsyon pou kay nèt ki konstwi nan Commonwealth la.

⁶ Konsilte lwa ki Favorize Enèji Pwòp ak Enèji Ewolyèn nan Lanmè, Lwa 2022, c. 179, § 26 ((Lwa sou klima 2022).

Redui gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo

Sipòte rediksyon gaz GHG pou kliyan C&I gras ak nouvo mezi ki fèt pou diminye espesifikman degajman yo ak planifikasyon dekarbonizasyon


Gen anpil obstak ki egziste pou fè elektrifikasyon batiman komèsyal ki gen yon tay mwayen oswa ki gwo yo, kote anpil nan obstak sa yo grav anpil, ou pa kapab rezoud yo nèt sou yon peryòd twa lane. Menm si elektrifikasyon an rete yon defi nan sektè C&I a, nou angaje nou pou nou ede kliyan C&I yo nan kesyon dekarbonizasyon. Nan kad plan sa a, evalyasyon enèjetik yo ap konsène ni efikasite enèjetik ni elektrifikasyon, yon fason pou ede kliyan yo elabore estrateji dekarbonizasyon pou batiman yo. N ap ajoute tou nouvo sèvis pou ede kliyan yo evalye batiman yo nan nivo pòch yo epi pi byen soutni enstalasyon ki dwe fèt dapre òdonans rediksyon degajman gaz yo tankou BERDO (Boston's Building Emissions Reduction and Disclosure Ordinance), ak nouvo egzijans eta a konsènan rapò sou enèji batiman pou tout lòt batiman ki gen yon dimansyon ki depase 20,000 pye kare.

N ap ankouraje tou mezi ki ap pèmèt yo diminye degajman gaz yo nan yon nivo ki enpòtan, men ki ka ap lakoz yon ti kras oswa ki p ap lakoz okenn ekonomi enèji dirèk. Nan egzanp tip mezi sa yo, nou kapab site rediksyon pwoblèm refrijèran yo ak modènizasyon enstalasyon yo, rediksyon pwoblèm gaz dèyè kontè yo, kaptaj degajman kabòn nan espas la ak rediksyon kabòn ki nan materyèl konstriksyon yo. Nan kèk tip batiman, mezi rediksyon gaz GHG sa yo kapab pwofitab nan nivo depans yo epi kapab genyen yon peryòd reyalizasyon ki pi kout.

Entwodui yon apwòch kowòdone pou finansman ansanm ak fè elektrifikasyon

N ap enplemannte atravè tout eta a yon nouvo modèl finansman ansanm ak reyalizasyon pwojè elektrifikasyon preskriptiv ki ap fasilite epi amelyore eksperyans kliyan an epi garanti finansman an disponib pou kliyan tout tip konbistib yo. Nan kad modèl sila a, n ap gen on sèl founisè tretman remiz yo atravè tout eta a pou tout PAs yo epi n ap mete an plas yon pataj enfòmasyon ant PA yo pou kliyan ki gen plizyè PA yo. Sa a ap redui nan konfizyon konsomatè yo epi amelyore eksperyans kliyan yo lè nou asire nou kliyan rezidansyèl yo jwenn bon moun nan byen rapid lè yo bezwen èd oswa lè y ap konfwonte pwoblèm avèk ranbousman yo a.

Apwòch konjwen sila a ap asire li tou nou ka komèsyalize epi enfòme kliyan nou yo sou elektrifikasyon pi byen, kèlkeswa tip konbistib chofaj la oswa kwazman teritwa sèvis yo. Anplis, angajman kliyan pou pwojè elektrifikasyon pèsonalize C&I yo ap dirije pa PA elektrik, sa ki elimine risk kwazman aktivite sansibilizasyon yo ak konfizyon nan teritwa sèvis konjwen yo. Nouvo modèl sila a ap pèmèt tou yon pataj ak yon repatisyon egal pou pri,ekonomi, ak rediksyon emisyon gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo ant founisè elektrisite ak gaz yo nan kad pwojè elektrifikasyon preskriptiv ki baze sou fòmil repatisyon ak yon baz kliyantèl. Pataj sila a ap ede majinalize pwoblèm rantabilite ki lye avèk konvèsyon ki totalman elektrik.




Nou ankouraje nouvo mezi pou kliyan C&I yo ki ap abouti a ekonomi gaz ki pwovoke rechofman klimatik enpòtan, tankou diminisyon fuit refrijèran yo ak renovasyon, diminisyon fuit gaz dèyè kontè a ak diminisyon kabòn ki nan materyo konstriksyon yo.

Redui gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo

Redui pri elektrifikasyon an pou kliyan yo lè nou chèche finansman deyò.

N ap kontinye chèche aktivman finansman eksteryè pou sipòte efò dekarbonizasyon nou yo ak redui preyokipasyon kliyan yo. Sous finansman eksteryè pou peryòd 2025-2027 la genyen ladan l, men ki pa limite ak sa, pwodui ki soti nan vant ozanchè Regional Greenhouse Gas Initiative, finansman lwa federal sou diminisyon enflasyon pou elektrifikasyon kliyan a revni mwayen yo nan kominote ki konsidere kòm ekitab yo, ak finansman lwa federal bilateral sou investisman nan enfrastrikti ak anplwa pou enstalasyon batri pou kliyan a revni fèb ak revni mwayen. N a p travay tou avèk Massachusetts Community Climate Bank ak lòt enstitisyon pou jwenn mwayen pou redui pri pèman prè HEAT pou kliyan yo.

Nou konsyan sou wòl kritik enèji efikas, demann diminisyon konstan, resous enèji distribye yo, ak lòt mezi nan kad demann yo ka jwe oswa jwe sou diminisyon ak/oswa repò nesosite investisman nan enfrastrikti elektrik ak gaz ki te ka nesèsè si se pa t sa.. Posibilite sa yo vin pi enpòtan aprè dènye pwosesis Depatman Sèvis Piblik Massachusetts yo, ki genyen tou egzijans evalyasyon solisyon ranplasman konduit yo ak posibilite pou elektrifikasyon sible jan yo dekri sa nan dènye òdonans depatman an ki nan dosye D.P.U. 20-80 an, ak pwopozisyon investisman konpayi distribisyon kouran ki te prezante nan kad pwosedi plan modènizasyon sektè elektrik la.⁷Nan tout ka yo, nou prevwa pwogram nasyonal ki nan plan sila a ap rete baz kontribisyon kliyan an a kèlkeswa solisyon ranplasman san tiyo, san fil oswa a tout pwopozisyon elektrifikasyon sible.



N ap travay avèk DOER pou jwenn fon federal nan non lalwa sou diminisyon enflasyon pou elektrifikasyon kliyan a revni mwayen yo nan kominote ekitab ki konsène yo.

⁷ Yo kapab refere Depatman Sèvis piblik Massachusetts la tankou "Depatman," "DPU," oswa "D.P.U." nan dokiman sa a.

Ranfòse aksè a pwogram pou tout moun



Nou pran angajman pou nou pèmèt tout rezidan ak biznis ki elijib nan Commonwealth la kapab jwenn aksè, patisipe nan, epi benefisye nan pwogram Mass Save la. Pou plan 2025-2027 la, nou pwopoze pou investi plis pase 1\$ milya dola nan ensitasyon pou amelyorasyon efikasite enèjetik pou kliyan ak lokatè a revni fèb ak revni mwayen yo. Se pi gwo investisman gwoup kliyan sa yo pa te janm fè nan yon plan Enèji Efikas ak Dekabonizasyon nan commonwelthla, epi nou kwè nan nasyon an. Nou konsantre nou an patikilye sou ekonomi gwoup kliyan ki te patisipe avan sa a yon nivo ki fè, genyen tou kliyan ki nan kominote ekitab yo, kliyan ak revni mwayen, lokatè, kliyan ki pale lòt lang ki pa Anglè (kliyan LOTE yo)⁸ ak ti antrepriz, epi pou fè sa a san ogmante pwoblèm enèji kliyan sa yo. Nou enpasyon pou nou travay avèk depatman an sou dosye li fenk ouvri ki baze sou enèji abòdab, D.P.U. 24-15 lan, pou asire mezi elektrifikasyon yo abòdab pou kliyan a revni fèb ak revni mwayen yo.

Pou tèm 2025-2027 la, objektif nou se amelyore aksè a pwogram yo pou tout moun atravè senk(5) estrateji kle sa yo:

Ogmante patisipasyon kliyan a revni mwayen yo lè nou redui kritè kalifikasyon yo, rann pwopozisyon an disponib pou lokatè a revni mwayen yo, elimine pri dirèk pou klimatizasyon ak elektrifikasyon, ak amelyorasyon eksperyans kliyan an

N ap devlope definisyon "revni mwayen" pou konsidere alafwa revni mwayen eta ak revni mwayen rejyon an epi mete pwopozisyon revni mwayen an disponib pou pwopriyetè ki gen lokatè yo ki ranpli kritè revni sa yo. Chanjman sa yo ap ogmante kantite kliyan elijib pou pwopozisyon revni mwayen nou yo epi redui difikilte kalifikasyon nan pwogram lan lè nou adopte kritè ki itilize nan anpil pwogram federal ak leta, tankou èd pou lojman.

Pou redui pri dirèk yo epi retire difikilte patisipasyon yo, nou pwopoze ofri klimatizasyon gratis, eliminasyon difikilte, ak elektrifikasyon pou kliyan a revni mwayen yo. Mezi sa yo t ap aplike gras ak yon solisyon ki prè pou itilizasyon ki ap senplifye eksperyans kliyan an epi ede kliyan an jere depans li yo. Pou redui difikilte kalifikasyon yo plis toujou, nou pwopoze tou otorize kliyan a revni mwayen yo pou yo kalifye pou klimatizasyon gratis lè yo prezante poukont yo revni ak konpozisyon fwaye a. Gras ak efò sa yo, nou vize klimatize prèske 13,000 lojman pou moun a revni mwayen, epi tou sipòte elektrifikasyon prèske 5,800 lojman pou moun a revni mwayen nan tout eta a. Pou pwoteje kliyan a revni mwayen yo kont ogmantasyon depans enèjetik yo, efò elektrifikasyon nou yo ap baze sou kliyan ki itilize chofaj ak chalè elektrik, lwil ak pwopan.

Ogmante travay klimatizasyon ak elektrifikasyon inite lokatif yo ak fwaye a revni fèb a revni mwayen nan kominote ekitab yo

⁸ Yon moun ki pale yon lòt lang ki pa Anglè, oswa kliyan LOTE yo, fè referans a nenpòt moun ki pale, li, ekri, oswa konprann yon lang ki pa Anglè epi ki genyen yon bezwen aksè lengwistik. Dejou an jou y ap itilize tèm LOTE a pi plis nan sektè aksè lengwistik la epi yo idantifye l tankou yon tèm moun ki idantifye yo antanke sa a preferè. N ap itilize "Kliyan LOTE" nan Plan dokiman sila a olye de tèm moun ki pa pale Anglè, kliyan izole an Anglè, ak moun ki limite an Anglè nou te itilize anvan yo.

Ranfòse aksè a pwogram pou tout moun

Pou ogmante patisipasyon pami kliyan ki te deja patisipe nan pi ba nivo yo, nou ap kontinye itilize Patenarya Community First nou an ak asosye a bi non likratif nou yo pou fè pase mesaj ak sansibilizasyon sible, an plizyè lang avèk yon objektif pou atenn kominote ekitab yo. Nou ap ajoute sou efò sa yo lè nou ogmante finansman, ak fleksibilite finansman sila a, pou Patenè Community First yo pou ede yo kenbe pèsònèl kalifye yo. Nan kominote ekitab deziyen yo, n ap ofri klimatizasyon gratis pou tout kliyan ki elijib yo, epi bay finansman siplemantè atravè pwopozisyon milti-famlyal pèsònalize nou an pou sipòte klimatizasyon ak elektrifikasyon pwopriyete lokasyon yo ak yon gwo kantite kliyan a revni fèb ak revni mwayen. N ap travay kole kole avèk aktè lokal yo, Community First Partners, Massachusetts Clean Energy Center, ak lòt òganis pou idantifye batiman ki nan kominote sa yo ak plis lokatè ak popilasyon a revni mwayen, kote elektrifikasyon an pa p ogmante chaj enèjetik pou lokatè yo. Anplis, atravè sibvansyon Mass Save Community Education Grant nou an, n ap kontinye agrandi angajman kominotè nou an, pandan n ap met aksan sou kominote ekitab yo, gras ak edikasyon sou enèji efikas ak pwogram alfabetizasyon asosye ak yon sipò pou maketin ak fòmasyon.

Kontinye fasilite aksè a klimatizasyon ak elektrifikasyon pou kliyan a revni fèb yo ⁹

An kolaborasyon ak rezo ajans pwogram aksyon kominotè a, n ap kontinye pwopoze pwogram gratis pou kliyan ki gen revni ki fèb yo. Pandan plan 2025-2027 la, nou gen pou objektif amelyore kondisyon klimatik 35,000 lojman epi enstale ponp chalè nan plis pase 10,000 lojman sosyal. Elektrifikasyon ap rete premye solisyon pou konbistib yo ivre yo ak kliyan rezistans elektrik yo paske se nan sitiyasyon sa yo elektrifikasyon an p ap lakoz ogmantasyon depans pou enèji yo. Pou amelyore eksperyans kliyan yo epi diminye kantite tan ki nesèsè pou bay kategori kliyan sa a sèvis, n ap kontinye soutni Action for Boston Community Development, ABCD (Aksyon pou Devlopman Kominotè Boston) nan eksplwatasyon sant sèvis kliyantèl la nan eta a epi n ap mete disponib yon sistèm kalifikasyon revni pandan tout ane a ki pa gen rapò ak pwosesis demann èd kabiran an. Anplis, ABCD ak Action Inc. ap kontinye kenbe kapasite kontraktan yo sou teritwa Eversource and National Grid pandan l ap kontakte antrepriz ki kalifye pou bay kliyan ki gen revni ki ba yo sèvis enèjetik nan kominote kote demann sèvis ki pi enpòtan yo ak kote delè sèvis ajans lokal pwogram aksyon kominotè a depase sis jiska uit semèn, epi pou l etann li nan lòt teritwa sèvis dapre bezwen yo.

Sipòte amelyorasyon nan kesyon enèji efikas elektrifikasyon nan lekòl ki nan kominote ki ekitab yo

Nou enpasyan pou nou kolabore avèk DOER ak lòt pati ki enterese sou inisyativ kolaborasyon ki gen pou objektif soutni dekarbonizasyon lekòl nan kominote ki ekitab yo. Aktyèlman nou prevwa ofri sèvis bay lekòl ak lòt batiman piblik, pandan n ap met aksan sou kominote ekitab yo, pou soutni dekarbonizasyon ak elektrifikasyon batiman yo, avèk yon apwòch ki chita sou enèji efikas. Nou ap travay an kolaborasyon avèk ajans deta ki nan finansman lekòl yo, espesyalman DOER, Massachusetts School Building Authority (Otorite Batiman Lekòl Massachusetts), Massachusetts Clean Energy Center (Sant Enèji Pwòp Massachusetts), ak Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (Ministè Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts) pou kreye yon kanalizasyon pou dekarbonizasyon lekòl ki te la deja yo ak yon eksperyans senplifye pou distrik eskolè/distri minisipal. Fè lekòl sa yo pwogrese rive nan dekarbonizasyon kapab vle di ede kominote yo idantifye sous envestisman pou ede avèk reparasyon nesèsè, ki se rezilta plizyè lane neglijan. Li ap enpòtan tou rasanble ak/oswa konbine finansman ki soti nan divès ajans ak sous sibvansyon yo epi fè sa a yon fason kote sa ap fè pwogrese pwojè pou dekarbonizasyon yo. Sipò espesifik PA yo pou lekòl an kowòdinasyon avèk ajans deta sa yo ka genyen tou sipò pou jesyonè enèji minisipal yo, ki genyen tou resous ki pataje pami kominote yo kòm sadwa, sipò pou pwogram dekarbonizasyon an, lòt asistans teknik, ensitasyon ranfòse, èd pou kominote yo mande finansman federal ak nasyonal pou pèsònèl nan lekòl yo ak lòt ajans piblik yo.

⁹ Kliyan a revni fèb defini antanke moun ki fè jiskan 60 pousan nan revni mwayen eta a, jan pwogram asistans enèji pou fwaye a revni fèb (Low-Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP) la mande li a. Kliyan a revni fèb yo souvan refere nan dokiman Mass Save Program nan antanke "kliyan ak revni ki elijib," paske yo kalifye pou kèk sèvis asistans siplemantè. "Revni fèb" ak "revni elijib" itilize yon manyè altèn nan dokiman sila a pou fè referans a kliyan sa yo.

Ranfòse aksè a pwogram pou tout moun

Ogmante patisipasyon lokatè nan tout eta a nan amelyore klimatisasyon an epi nan elimine obstak yo.

Pou sèvi lokatè ak pwopriyetè nou yo pi byen nan tout eta a, n ap kontinye sible pwopriyetè ak gwoup lokatè yo epi n ap kontinye tou ofri klimatisasyon gratis ak ensitasyon pou reparasyon baryè pre-klimatisasyon yo nan kad pri mache a, epi pou lojman lokatè yo okipe yo. Klimatisasyon ak baryè remedyasyon bay avantaj pou ni lokatè a ni pwopriyetè a nan amelyorasyon konfò, ogmante valè kay la, epi redui depans lajan nan enèji.

Amelyore aksè ak lang pou kliyan LOTE yo (Languages Other Than English (Lòt Lang ki Pa Anglè))

Nou reponn bezwen pou sèvi kliyan nou yo nan lang yo prefere a epi atravè yon sansibilizasyon kiltirèlman adapte ki baze sou rekòmasyon kle nan domèn lengwistik, PAs yo te rekòmande an 2022-2024 Gras ak enplemantasyon rekòmasyon aksè lengwistik yo, n ap ofri sèvis nan senk lang yo plis pale yo aprè Anglè nan Massachusetts, ki se Espanyòl, Pòtigè, Kreyòl-Ayisyen, Mandaren, ak Kantonè. Sèvis lenwistik la genyen tou materyèl tradiksyon, sèvis entèpretasyon, ak itilizasyon yon estaf miltileng ki disponib. N ap kontinye travay tou avèk Community First Partnership nou an ak lòt kominote asosye pou sipòte aksè lengwistik pou tout kliyan yo.

Ede diminye obligasyon enèji pou kliyan a revni fèb ak revni mwayen atravè adopsyon enèji pwòp

Plizyè PA elektrik ap devlope lòt pwogram anplis epi ki sible pou ede kliyan a revni fèb ak revni mwayen yo dekarbonize lakay yo ak biznis yo pandan y ap minimize depans operasyonèl yo. Pa egzanp, National Grid ap devlope yon pwopozisyon ki gen pou objektif ofri yon rabè pa kilowat pano solèy bay kliyan elijib ki itilize chofaj avek gaz epi enstale pano solèy yo ansanm ak yon ponp tèmik, nan lide pou ede yo redwi pri operasyonèl ponp tèmik sila a. Elijiblite pwopozisyon sila a ap limite a kliyan rezidansyèl yo ki genyen kòm revni 61 rive 150% revni mwayèn rejyon an, lekòl yo, batiman piblik yo, òganizasyon a bi non-likratif yo ki sitiye yo nan kominote ki ekitab yo, avèk yon bidjè ant 35\$ a 45\$ milyon dola pou peryòd twa zan an. Eversource ap devlope tou pwopozisyon ki pral sible kominote ki touche pa mizanivo enfrastrikti yo, sa gen ladan l tou pwojè ki kouvri pa apwòch planifikasyon entegre a ki dekri nan plan modènizasyon sektè elektrik Eversource la, epi pou kliyan a revni fèb ak revni mwayen pou kote pri operasyonèl teknoloji elektrik yo kapab yon obstak pou yo adopte l. Finansman sila a kapab genyen ladan l ensitasyon anplis pou adopsyon teknoloji elektrifikasyon an oswa pou restore baryè yo, nouvo ensitasyon pou adopsyon enèji solèy ak/oswa estokaj, ak sipò pou livrezon “konplè” mezi sa a yo, pami lòt bagay. Eversource prè pou li debouse plis pase 70\$ milyon dola pou travay sila a. Menm jan an, Compact pwopoze pou li finalize pwopozisyon Cape and Vineyard Electrification Offering (CVEO) nan peryòd 2025-2027, ki sipòte elektrifikasyon ak enstalasyon pano solèy pou kliyan Cape a revni fèb ak revni mwayen yo, nan kad bidjè inisyèl depatman an apwouve a. PA yo ap travay sèlman sou detay, kolaborasyon avèk DOER ak AGO nan efò sa yo, epi ap devlope yon apwòch règlemanntè ki reponn a depatman anvan an, ki genyen tou D.P.U. 22-137.

Amelyorasyon eksperyans kliyan an



Nan moman an, kliyan yo pa gen yon santral ni resous asistans apwopriye pou ede yo konprann divès opsyon dekarbonizasyon pou kay oswa ti antrepriz yo genyen, etap ki nesèsè pou mete yo sou pye yon fason ki efikas ak fason pou yo gen aksè san pwoblèm ak èd pwogram yo ak ensitasyon finansye yo. Difikilte sa yo kapab tounen obstak pou patisipasyon an epi limite posiblite pou kliyan yo adopte solisyon dekarbonizasyon batiman ki esansyèl pou atenn objektif Commonwealth la nan sa ki konsène klima a ak enèji pwòp la.

Pou atenn yon gwo nivo patisipasyon kliyan yo ki nesèsè pou reyalize objektif dekarbonizasyon Commonwealth la, nou prevwa mete sou pye nouvo amelyorasyon yon fason pou senplifye eksperyans kliyan an epi ogmante patisipasyon nan pwogram yo. Objektif nou se amelyore eksperyans kliyan yo gras ak senk estrateji kle sa yo:

Bay èd olistik ak miltileng bay tout kliyan atravè kreyasyon yon sant kontak ki etann li sou tout eta a

Pou konplete sant sèvis kliyantèl ABCD a pou kliyan ki gen revni ki ba yo jan yo dekri sa pi wo a, n ap lanse yon nouvo sant kontak nan nivo eta a pou bay kliyan rezidansyèl ak ti antrepriz ki nan eta a yon sipò konplè konsènan tout sèvis ki lye ak efikasite enèjetik ak elektrifikasyon.¹⁰ Sipò sa a ap gen ladan konsèy pou kliyan k ap fenk kòmanse pakou dekarbonizasyon yo ki vle jwenn enfòmasyon sou ki kote ak kijan pou yo kòmanse ak sou divès solisyon ki kapab disponib pou kay ak ti antrepriz yo. Sant kontak n ap gen nan eta a ap ede tou kliyan ki gentan genyen yon objektif espesifik nan tèt yo, tankou elektrifikasyon kay yo, epi ki vle konnen kijan yo kapab gen aksè ak pwogram Mass Save yo pou sipòte plan yo a.

Sant kontak n ap gen nan eta a ap gen ladan espesyalis pwogram nan ki konnen tout sèvis Mass Save yo epi ki kapab bay èd yo sou sijè tankou oryantasyon pwogram nan, evalyasyon enèji domestik yo, prè HEAT yo, konsiltasyon sou dekarbonizasyon, kredi enpo enpòtan oswa mezi ensitatif federal yo ak estati pou yon rabè. Pèsonèl sant lan tou ap fòme epi gen ekipman pou ede kliyan yo gen aksè ak mezi ensitatif andeyò pwogram Mass Save yo, tankou mezi ensitatif pou machin elektrik ak enstalasyon enèji solèy desantralize. Kliyan yo kapab gen aksè ak resous konplè sa yo nan telefòn, mesaj tèks ak imèl

¹⁰ Compact genyen yon sant apèl pou sipòte efò sa yo.

Amelyorasyon eksperyans kliyan an

Garanti yon tretman rapid pou ranbousman yo epi amelyore eksperyans ranbousman yo

Nou trete anviwon 300 000 ranbousman chak ane. Pou reponn ak demann sa a epi kreye yon pwosesis ranbousman ki pi rapid, nou angaje yon nouvo founisè tretman ranbousman depi 1ye jiyè 2023, epi nou travay an kolaborasyon sere ak li pou amelyore pwosesis la pou kliyan yo. Nou konsyan de pwoblèm enpòtan kliyan yo jwenn akòz reta nan tretman ranbousman yo pandan dènye peryòd la epi nou te travay nan yon fason aktif pou elimine pwoblèm sa yo epi amelyore eksperyans kliyan yo. N ap kontinye amelyore kalite ak tout detay konsènan demann ki fèt yo pandan n ap kreye yon etap volontè anvan apwobasyon an pou kliyan ki vle fè elektrifikasyon, yon fason pou nou asire nou kliyan yo konprann epi respekte chak eleman ki obligatwa pou jwenn rabè yo anvan yo soumèt yon fòmilè demann.

Anplis, n ap kontinye travay ak founisè tretman rabè yo pou diminye kantite demann kote gen enfòmasyon ki manke yo, pandan n ap amelyore pwosesis soumisyon anliy lan epi sansiblize nan yon fason aktif kliyan ki konsène yo. Sansibilizasyon sa a ap ajoute sou mesaj otomatik kliyan yo ap resevwa yo. Pou fini, n ap fè efò tou pou nou diminye kantite tan ki nesèsè pou enspeksyon yo nan yon nivo maksimòm, pandan n ap garanti plizyè nivo apwopriye pou egzaminasyon aprè enstalasyon yo. Nou espere efò sa yo ap amelyore eksperyans rabè a pandan n ap asire nou ponp chalè ki enstale yo ap pèmèt yo reyalize ekonomi enèji epi diminyon kantite gas GHG ki prevwa yo, epi nou espere lajan kliyan yo depanse yo itilize nan yon fason rezonab.

Amelyore eksperyans kliyan an pou elektrifikasyon, kòmanse nan pwopriyetè ak lokatè ki gen revni fèb ak revni mwayen yo.

Jan nou te mansyone sa deja, nou pwopoze pou amelyore eksperyans kliyan yo epi diminye depans yo gen pou fè pandan n ap ofri lokatè yo ak pwopriyetè ki gen revni mwayen yo travay gratis pou renovasyon tèmik, eliminasyon obstak yo ak elektrifikasyon nan kad yon apwòch konplè ki prè pou itilizasyon. Apwòch sa a ap ale nan menm sans ak apwòch nou genyen deja pou klimatizasyon an, k ap pèmèt pwogram nan bay kliyan yo yon eksperyans jesyon pwojè ki senp pou yon varyete sèvis ki pi laj nan kad dekarbonizasyon an. Pandan l ap elaji varyete sèvis ki prè pou itilizasyon, kay ki gen 2 jiska 4 lojman ki genyen yon melanj kliyan a pri mache a ak kliyan ki gen revni ki ba oswa mwayen yo ap kapab pi byen patisipe.

Sou baz premye eksperyans nou an pou nou mete sou pye yon apwòch ki prè pou itilize pou kliyan ki gen revni mwayen yo, n ap elaji sèvis elektrifikasyon ki prè pou itilize a nan pri mache a anvan fen peryòd 2025-2027 la. Gras ak kolaborasyon nou ak rezo ajans Pwogram Aksyon Kominotè a ak patnè reyalizasyon yo, n ap kontinye tou diminye kantite tan ki nesèsè pou sèvi kliyan ki genyen revni ki ba yo pandan n ap angaje founisè ki kalifye nan rejyon kote kantite tan nesèsè pou sèvis ajans lokal Pwogram Aksyon Kominotè a depase sis jiska uit semèn.

Pou atenn yon gwo nivo patisipasyon kliyan yo ki nesèsè pou reyalize objektif dekarbonizasyon Commonwealth la, nou prevwa mete sou pye nouvo amelyorasyon yon fason pou senplifye eksperyans kliyan an epi ogmante patisipasyon nan pwogram yo.

Amelyorasyon eksperyans kliyan an

Estandadize pakou pèsonalize pou kliyan C&I yo

N ap pwopoze plizyè amelyorasyon yon fason pou senplifye travay kliyan ak vandè k ap patisipe nan filyè pèsonalize a ap gen pou yo fè a. Sa genyen ladan l nòmalizasyon zouti kalkil ekonomi, egzijans teknik yo, dokimantasyon pwojè a, ak enspeksyon enstalasyon anvan ak aprè epi pwosesis validasyon ekonomi pami PA yo. Resous sila a yo ap disponib sou yon sit entènèt ki pataje bay tout enjanyè PA yo ak founisè sèvis teknik yo. Yon gwoup travay santral ap sipèvizè an pèmanans efò nòmalizasyon sila a. Yon demann nan tout eta a pou founisè sèvis teknik yo an 2024, ap ede asire tou nou adopte yon apwòch pou sipèvizè founisè teknik yo epi pèmèt plis echanj pratik yo. Nouvo inisyativ pou mete an sèvis batiman yo ak lekòl yo nan kominote ekita yo ap ofri sipò anplis bay kliyan yo nan devlopman plis pwojè konplè. Finalman, PA yo ap etidye mwayen pou rann enfòmasyon sou pwojè yo pi fasilman aksesib pou kliyan yo.

Investi nan devlopman dijital ak amelyorasyon rapò

N ap kontinye amelyore MassSave.com yon fason pou elaji kontni ki lye ak elektrifikasyon yo, amelyore aksè lengwistik la epi favorize yon eksperyans itilizatè ki pi efikas. Sa ap gen ladan amelyorasyon fonksyon pèsonalizasyon an yon fason pou akonpanye kliyan rezidansyèl ak endistriyèl yo pandan tout pakou dekarbonizasyon an pandan n ap ba yo kontni ak enfòmasyon ki pi enpòtan epi pi itil yo. Rezilta final estrateji ki masyone pi wo yo se ap bay plis satisfaksyon bò kote kliyan yo, rapidite ak presizyon nan tretman ranbousman yo, yon pi bon asistans kliyantèl ak yon pi wo nivo patisipasyon nan pwogram nan.

PAs yo ap travay ak DOER pou bay konsèy la, piblik la ak pati ki konsène yo enfòmasyon enpòtan epi ki fasil pou konprann konsènan pwogram ki pèmèt yo mezire pwogrè ki fèt nan reyalizasyon objektif plan nou an. Enfòmasyon sila a ap genyen ladan l detay sou mezi prensipal yo tankou travay sou klimatisasyon ak ponp tèmik ki enstale lakay divès tip kliyan ak kominote; investisman nan kliyan a revni fèb ak revni mwayen ak nan kominote ekita seleksyone yo; epi enfòmasyon sou pwojè komèsyal yo tankou elektrifikasyon pèsonalize ak pwojè pou mete an sèvis batiman ki te la deja yo. Detay siplemantè yo nan seksyon 5.4 la: Metòd operasyonèl ak endikatè Pèfòmans Kle.



Elaji epi divèsifye efektif la



Siksè plan 2025-2027 la ak kapasite Commonwealth pou respekte angajman li konsènan zewo enèji emisyon nèt la depann de egzistans yon ekip ki kapab bay sèvis nan sa ki konsène efikasite enèjetik, elektrifikasyon ak dekarbonizasyon. Pandan dènye deseni an, men dev espesyalize nan enèji efikas nan Massachusetts te ogmante a plis pase 86 pousan epi kounye a sipòte dirèkteman anviwon 76 000 travay kòl vèt ki byen peye. Nou rekonèt ke yon rezèv men dev ki estab, fòmè, divèsifye epi ki fleksib esansyèl pou pwogram nou an kontinye grandi epi reyisi.

Pou satisfè bezwen sa a, nou ap kontinye ak plizyè estrateji pou ogmante ak divèsifye yon men dev ki solid. Efò sila yo prevwa pou ede nou atenn gwo anbisyon nou yo nan sa ki gen pou wè ak efikasite batiman yo, ekonomi enèji, ak objektif dekarbonizasyon an avèk yon men dev ki reflekte divèsite kominote ak kliyan n ap sèvi yo. Kat estrateji kle nou genyen pou nou ranfòse epi divèsifye ekip la dekri pi ba a:

Kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center pou ogmante divèsite efektif la, double finansman anyèl la soti nan 12\$ milyon dola rive nan 24\$ milyon dola pa ane.

N ap kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center pou ogmante divèsite efektif la pandan peryòd 2025-2027 la, pandan n ap double finansman anyèl la soti nan \$12 milyon rive nan \$24 milyon chak ane. Domèn n ap mete aksan sou yo se fòmasyon pou antreprenè ki pale yon lòt lang ki pa Anglè epi mete antreprenè sa yo an relasyon avèk kliyan LOTE yo, ak sou èd pou devlopman komèsyal antrepriz ki pou minorite yo ak antrepriz komèsyal pou fanm, ansanm ak èd pou transpò pou anplwaye an patikilye. Massachusetts Clean Energy Center ap bay tou rapò regilye bay EEAC ak bay Depatman an sou efò yo, epi tou gras ak endikatè pèfòmans enpòtan yo. Sa ap ede garanti garanti 72 milyon dola nan fon kliyan kliyan yo transfere soti nan Mass Save Program lan bay Massachusetts Clean Energy Center la pou sipòte bezwen men dev ki gen rapò a ekite nan pwogram yo, pou ofri opòtinite bay estajyè ak antrepriz ki divèsifye yo, si posib, nan Mass Save aprè fòmasyon yo a, epi finalman reyisi kreye yon men dev ki pi divèsifye epi ki pi byen reprezante kominote n ap sèvi yo.

Anplis kolaborasyon avèk Massachusetts Clean Energy Center, nou ap kontinye bay tou kèk efò anplis. Sa genyen ladanl: (1) Òganize reyinyon sou divèsite founisè yo epi etabli yon pwosedi pou mete an relasyon founisè ki soti nan minorite yo ak antrepriz Komèsyal pou Fanm yo avèk vandè yo kapab fè patanarya ak yo pou postile pou mache piblik espesifik Mass Save yo ; (2) pwopoze Mass Save Workforce Training Grant lan ki la pou chèche ogmante dirabilite men dev la nan domèn enèji efikas lè nou amelyore konpetans yo epi asire tranzisyon nouvo travayè yo nan yon men dev atravè devlopman patenarya ak ogmantasyon finansman yo; epi (3) pou Eversource ak National Grid an patikilye, lè nou fòmè nouvo kandida ki soti nan kominote ekita yo nan kad pwogram Clean Energy Pathways la.

Elaji epi divèsifye mendèv la

Devlope epi ranfòse yon efektif ki djanm pou enstalasyon ponp tèmik yo atravè Rezo Enstatè Ponp Tèmik lan

N ap kontinye devlope yon rezo ki vas epi enstale ponp tèmik ki pase pa yon pwosesis kalifikasyon nan lide pou patisipe nan pwogram Mass Save la. Egzijans fòmasyon pou enstatè ponp tèmik yo garanti kliyan an ap resevwa yon enstalasyon ponp tèmik de kalite. Nan tèm 2025-2027 la, n ap kontinye agrandi rezo enstatè ponp tèmik nou an epi ranfòse egzijans fòmasyon yo. Rezo enstatè ponp tèmik nou an ap sèvi tankou baz pou devlopman yon filyè elektrik ki prè pou itilizasyon pou kliyan a revni mwayen yo epi a bon mache.


Garanti yon livrezon enstalasyon kalite siperyè atravè jesyon ak fòmasyon

Nou souvan ap analize kontraktè ki ap patisipe nan pwogram Mass Save yo epi yo kapab retire kontraktè ki pa reponn ak atant yo. Pou garanti ekselans nan mete pwogram lan an plas epi ede antreprenè yo reyisi, n ap ofri posibilite fòmasyon, ki genyen ladan l tou fòmasyon vityèl ki disponib 24 è sou 24 epi 7 jou sou 7 nan Sant aprantisaj Mass Save Heating & Cooling nou an.

Devlope posibilite pou fòmasyon C&I yo

Nou ap ogmante kantite ak pòte kou fòmasyon ki disponib yo, avèk yon estaf ki la pou sipòte efò sila yo. Domèn n ap konsantre nou sou yo pou fòmasyon anplis yo genyen ladan l, elektrifikasyon, klimatizasyon, rekipasyon chalè, kontwòl enèji, ak mete an sèvis batiman yo. Pandan majorite nan fòmasyon sa yo ap akse sou kreyatè ak enstatè sistèm, anpil nan yo ap benefik pou jesyonè ak pèsonèl enstalasyon yo tou. Nou ap kolabore tou avèk DOER pou mete ajou epi devlope fòmasyon sou kòd enèji pou achitèk yo, enjenyè yo, ak batisè yo an repons ak dènye chanjman ki fèt nan kòd konstriksyon an ak alonjman Massachusetts yo, epi tou pou pratik nouvo kreyasyon teknolojik.

Finalman, nou te etabli relasyon avèk enstitisyon ak òganizasyon endistriyèl lokal pou favorize devlopman ak kwasans efektif la nan sektè C&I a. Relasyon sila yo ap abouti ak fòmasyon pou devlopman men dèv la ki genyen ladan l yon entwodiksyon a dènye teknoloji yo, idantifye opòtinite pou mete teknoloji yo an plas, zouti pou konprann avantaj pou mete an plas amelyorasyon yo, ak opòtinite pou sèvi ak resous PA yo. Nou gen patenarya tou ak Northwest Energy Efficiency Council pou ofri sètifikasyon pou operatè batiman, sa ki pèmèt yo amelyore kalifikasyon operatè batiman yo gras ak yon fòmasyon sou efikasite enèjetik ak teknoloji batiman entèlijans, fòmasyon kontini, ak yon sètifikasyon.



Pou garanti ekselans nan mete pwogram lan an plas epi ede antreprenè yo reyisi, n ap ofri posibilite fòmasyon, ki genyen ladan l tou fòmasyon vityèl ki disponib 24 è sou 24 epi 7 jou sou 7 nan Sant aprantisaj Mass Save Heating & Cooling nou an.



WE ARE MASS SAVE®:



Aprann plis sou masssave.com